



DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Nouvèl DSA pou Ou: Omaj pou veteran yo, sipò pou ou
Lendi 6 novanm 2023

Chè Kòlèg,

Mwen espere w te pwofite bèl wikenn otòn sa a!

Vandredi 10 novanm sa a, nou ap rann Veteran Terp yo ak fanmi yo omaj pou kontribisyon ak sakrifis yo fè pou pwoteje dwa nou yo, peyi nou an, ak kominote nou yo. Pou manm pèsònèl DSA ak elèv ki te sèvi yo, nou kontan dèske w te pèmèt University of Maryland fè pati vwayaj ou a. Kouraj ou demontre pou nou defann valè ou te goumen pou pwoteje yo. Nou vrèman fyè lefètke w fè pati kominote nou an!

Mwen ankouraje tout moun pou onore Veteran nou yo pandan seremoni anyèl [Jounen Sèvis pou Onore epi Sonje Veteran yo](#) ki ap fèt vandredi 10 novanm nan a midi nan Memorial Chapel. Epitou, ou kapab [gade retransmisyon an dirèk la](#). Evènman sa a ap prezante grasa [Veteran Student Life](#), ki ap fè yon kokennchenn travay pou soutni epi kreye yon kominote pami elèv, manm pèsònèl epi pwofesè nou yo ki lye ak lame!

Envesti nan Moun ak nan Kominote Nou an

Sipò pou Ou

Pandan de (2) mwa ki pase yo, nou te fè fas ak gwo tansyon epi anpil tristès. Gade kijan fason ou menm, patnè nou gen sou kanpis la, ak elèv nou yo soutni youn lòt la fè mwen gen anpil espwa. Mwen vrèman fyè pou fòs ak konpasyon kominote sa a demontre. Epitou, mwen konnen nou vin mwens rezistan lè nou ap fè fas ak estrès san rete. Se tankou jan Dr. Tonya Phillips, ki nan Pwogram Èd pou Manm Pèsònèl Anseyan yo (Faculty Staff Assistance Program, FSAP), di sa [nan mesaj resan li voye pou manm pèsònèl la](#), pran tan pou kanpe epi jere emosyon w yo. Si w ap goumen pou fè fas ak sitiasyon an, kontakte FSAP nan 301.314.8170 oswa 301.314.8099 pou òganize yon konsiltasyon pou bezwen pèsònèl oswa òganizasyonèl ou yo.

Mwa Eritaj Moun Natifnatal ak Endijèn 2023: Aprann Istwa Mwen

[Ekip ki responsab patisipasyon elèv Ameriken Natifnatal ak Endijèn yo](#) nan MICA te [planifye plizyè evènman](#) novanm sa a pou Mwa Eritaj Moun Natifnatal ak Endijèn yo.

Tèm ane sa a ki se “Aprann Istwa Mwen”, pèmèt elèv endijèn yo ansanm ak manm nan kominote yo pataje epi fyè konsènan istwa yo, pakou yo, pandan yo ap onore zansèt yo. Se yon apèl dirèk pou pouse moun aji, yon fason pou moun ki pa Endijèn yo aprann, fè plas, epi defann eksperyans ak istwa pèp Endijèn nan te viv

olye pou yo ap pale sou yo oswa awoze mesaj yo a. Epitou, se yon apèl pou bay moun Natifnatal yo pouvwa pou rakonte pwòp istwa yo.

UMD ap Selebri Madi Jenewozite a 28 Novanm

Madi Jenewozite a bay posibilite pou abòde fèt fen ane a nan yon espri jenewozite ak bon volonte. Pandan kanpay Madi Jenewozite nan UMD a, ki ap fèt madi 28 novanm nan, DSA ap chèche soutni pwogram enpòtan sa yo:

- [Kantin sou Kanpis](#)
- [Favorize Reyisit Terp](#)
- [Fon Kriz pou Elèv yo](#)
- [Fon Familyal Terp](#)

Objektif pwogram sa yo se pèmèt kesyon grangou ak sanzabri a fini pou elèv ki nan bezwen yo epi kreye yon anviwònman kote chak elèv santi yo byen! Fè yon koudèy sou inisyativ sa yo pou wè kijan w kapab ede nou atenn objektif nou yo.

Èske w te Konnen?

- 20% nan elèv premye sik UMD yo se yon seri elèv inivèsite nan premye jenerasyon: paran yo oswa resonsab legal yo pa t resevwa lisans yo. Elèv premye jenerasyon yo se yon atou pou UMD, epi yo pote yon pakèt eksperyans aprantisaj ki anrichi kominote divèsifye nou an! Nou ap selebri Jounen Nasyonal Elèv Inivèsite Premye Jenerasyon yo Mèkredi 8 Novanm. [Gade evènman nan wikenn sa a ki ap selebri kominote sa a](#). Mwen se yon elèv inivèsite premye jenerasyon ki fyè — e ou menm? Si se non, mwen ankouraje w vin yon defansè Premye Jenerasyon!
- Gen plis pase 27,000 moun ki te patisipe nan evènman akèy otòn nou yo
- 6,986 elèv te patisipe nan Salon Karyè Sant Inivèsite pou Karyè a ki te fèt an septanm
- Plis pase 12,000 elèv ap itilize [Aplikasyon UMD a](#)

*Èske w gen yon enfòmasyon enteresan oswa yo pa tèlman konnen ou panse lòt moun nan DSA kapab renmen konnen? Voye li pa imèl pou nou nan vpsa@umd.edu epi nou kapab ajoute li nan yon pwochen mesaj *Nouvèl DSA pou Ou*. Epitou, ou kapab voye kesyon w vle jwenn repons yo ban nou!*

Se pou nou tout kontinye dirije avèk lanmou, bonte, ak atansyon,

Patty Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Elèv yo, University of Maryland

li (pwonon feminen)

Anrejistre Dat yo

- Seri Byennèt pou Aprantisaj ak Kwasans DSA: [RSVP pou pwogram sa yo anba “Seri Aprantisaj ak Kwasans DSA”](#)
 - Entwodiksyon nan Byennèt 101: Madi 7 novanm, 11 a.m.
 - Byennèt Sosyal: Mèkredi 8 novanm, 2 p.m
- [Jounen Sèvis pou Onore epi Sonje Veteran yo](#): Vandredi 10 novanm, midi
- Madi Jenewozite: Madi 28 novanm, (gade lyen ki anwo yo pou jwenn sijesyon sipò)